**ШЕН НЕНАН МОТТ ХАЛКЪО, СИЙ ОЙБУШ, IАЛАШБАХЬ, ЦУ ХАЛКЪАН ПАРГIАТО ЦХЬАММО А ХЬОШУР ЯЦ**

*М.Мамакаев*

DAYMOHK-GAZET.RU

daimoxk@bk.ru

шинара, хIутосург (май) беттан 31-гIа де, 2016 шо

# Даймохк

РЕСПУБЛИКИН ЮКЪАРАЛЛИН-ПОЛИТИКИН ГАЗЕТ

№ 61 (13021) АРАХЕЦА ДОЛИЙНА 1923-ЧУ ШАРАХЬ БИННА МАХ

КХЕТАШО

**«Халяль» билгалонца долу сурсаташ алсамдаха деза** → 2

ВАЙН ЗАМАНХОЙ



**Хьехархо хьанал къахьоьгуш ву** → 3

КЕГИЙРХОЙН ДАХАР



**Къоман журналистикин кхане сирла хир ю** → 4

ЦХЬАЬНАКХЕТАР

# ЕГЭ дIаялар дийцаре дира

**Нохчийн Республикин Куьйгалхо Кадыров Рамзан цхьаьнакхийтира Соьлжа-ГIала веанчу Дешаран а, Iилманан а декъехь терго латторан федеральни службин куьйгалхочуьнца Кравцов Сергейца. Цхьаьнакхетарехь дийцаре дира ЕГЭ дIаяларехь нийсо лелоран гIуллакхаш.**



Цунах лаьцна инстаграмерчу шен агIонехь иштта яздо Р.Кадыровс: «ЕГЭ дIаяларехь нийсо хилийтар тхуна чIогIа маьIне гIуллакх ду. Цундела, и нийсо хилийта, дан мел дезарг до оха. Цу декъехь йолу Iалашонаш ас йийцаре йира Дешаран а, Iилманан а декъехь терго латторан федеральни службин куьйгалхочуьнца Кравцов Сергейца. Нохчийчохь масех цхьаьнакхетар дIадаьхьна цо. И дерриге тидаме а эцна, къамелана кечвеллера со. С.Кравцовс билгалдаьккхира вайн республика гIишлошъярна а, дешаран учрежденеш меттахIитторна а тIера керлачу муьре – дешаран чулацамна тIехь болх баре – кхаьчна хилар».

С.Кравцовна хетарехь, дешаран дикалла лакхаяккхарехула йолу Iалашонаш кхочушъян таронаш ю Нохчийн Республикин хьехархойн. Цу юкъахь йоккха меттиг дIалоцу Пачхьалкхан жамIашдаран аттестацис.

Нохчийн Республикин Куьйгалхочо билгалдаьккхира, дIадаханчу шарахь Кравцов Сергейца хиллачу цхьаьнакхетарехь йийцаре йинчу «Ас ЕГЭ дIалур ю!» цIе йолчу проекто шен эвсаралла гайтина хилар а, Россин кхийолчу регионашкахь а иза кхиамца яьржина хилар а. С.Кравцовс дийцарехь, хьехархошна а, дешархошна а методикин гIодарна лерина ю проект. 2015–2016-чуй дешаран шерашкахь Нохчийчохь хилла ца Iаш, кхийолчу регионашкахь а кхиамца кхочушйина иза.

Билгалдаккха деза, Нохчийн Республикин дешаран цхьайолчу учрежденешка кхачаро чIогIа дика ойла кхоьллина хьешан даг чохь. С.Кравцовс воккхаверца дийцира Кадыров Рамзане, Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун А.-Хь. Кадыровн цIарахчу дешаран туьшан а, химин Iилманийн докторан Ибрагимов Хьамзатан цIарахчу №1 йолчу математикин школин а материалийн-техникин бухах ша цецвалар. Цо билгалдаккхарехь, и ши школа Россин а, дуьненан а уггаре лаккхарчу лехамашца йогIуш ю.

Кадыров Рамзана баркалла элира С.Кравцовна вайн республикехь ЕГЭ-на кечамбаран гIуллакхашна гуттар а терго ярна.

***А.ХАТУЕВА***

ЮКЪАРАЛЛА

# «Иман» тобанан дика гIуллакхаш

**ХIокху деношкахь Нохчийн Республикин Куьйгалхо Кадыров Рамзан цхьаьнакхийтира кегийрхошца юкъаметтигаш латтош, цаьрца кхетош--кхиоран белхаш дIахьош йолчу регионан юкъараллин «Иман» тобанан жигархошца.**

Вайн республикерчу кегийрхошца юкъаметтигаш латтош йолчу юкъараллин организацешна тIехь къаьсттина тергам латтабо республикин Куьйгалхочо. Иштта, кегийрхой кхетош-кхиорехь, кIад ца луш, белхаш дIакхоьхьуш бу «Иман» клубан жигархой, цундела церан белхаш тергамза ца буьсу.

Цхьаьнакхетаре веанчу Р.Кадыровс тобанан жигархоша бечу белхан лаккхара мах а хадийра. Иштта, оцу дийнахь, йина де даздеш хилла тобанан куьйгалхо Муждедова Иман йинчу денца декъал а йира.

Тобано дIахьош болу болх бахьана долуш, дуккха а кегийрхоша шайн дахаран хьежамаш нисбина хиларх лаьцна а дийцира. Иштта, таханлерчу дийнахь экстремизман пропагандина цара дуьхьало еш хилар вайн юкъараллина мехала хилар а билгалдаьккхира.

–Таханлерчу дийнахь вайн уггаре а луьра «мостагI» интернет ю, цу чуьра схьадолуш ду и зулам. Цундела, мехала ду вайн кегийрхошца кхетош-кхиоран белхаш дIабахьар. Шу дика болх беш схьадогIуш ду. Вайн республикерчу зударшца, зудаберашца и тайпа болх дIахьош шу хилар тхуна доккха накъосталла ду, – элира Р.Кадыровс.

2011-чу шарахь дуьйна болх беш ю «Иман» организаци. Оцу хенахь дуьйна республикерчу зудаберашна дика накъостий хилла дIахIиттина уьш. Цара республикерчу массо а кIошташкахь дIахьо шайн белхаш. Кхетош-кхиоран тайп-тайпанчу темашна лерина лекцеш йоьшу, юкъараллин--политикин дахарна лерина цхьацца акцеш, конкурсаш йо.

Дукха хан йоццуш, йийцаре ечу клубан куьйгалхочо И.Мужедовас, ша «Даймохк» газетана еллачу интервьюхь, шайн коьрта Iалашо йовзийтира: «Уггаре а хьалха вайнехан зудаберийн Ислам динах нийса кхетам хилийтар, цул тIаьхьа, шайн культура йовзар а, духарца, леларца нисбалар а, гIиллакхе, оьзда уьш кхиор а ю тхан коьрта Iалашо.

Зудаберашна бусалба динан хазаллех, сийлаллех, нохчийн къоман хазачу гIиллакхех дийца тхайн аьтто хиларна Далла хастам бо оха, цул беза болх хила йиш яц аьлла а хета тхуна», – дийцинера цо.

Р.Кадыровс кхин цкъа а билгалдаьккхира, иштачу юкъараллин организацеша дIахьочу балхах вайн къоман кхане йоьзна хилар. Шен къамел дерзош, тобанан жигархошна болх кхин а йоккхачу жигараллица дIабахьар тIедожийра республикин Куьйгалхочо.

***Хь.БАХТАЕВА***

ЗIЕНАШ

# Нохчийчохь партнерийн банкинг кхиор

## Соьлжа-ГIалахь дIаяьхьира партнерийн банкинг кхиорехула йолчу белхан тобанан кхеташо

**Кхеташонехь дакъалецира Россин Коьртачу банкан председателан заместитела Торшин Александра а, Нохчийн Республикин Правительствон Председатела Эдельгериев Абубакара а.**

Шен къамел долош, белхан тобанан куьйгалхочо А.Торшина ша Нохчийчу кхайкхарна Нохчийн Республикин Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна баркалла элира, республикин пачхье – Соьлжа-ГIала – хийцаяларх шен цецвалар а, хазахетар а хаийтира. Инвестицех хьекъалца пайдаэцар гуш хилар билгалдаьккхира цо.

Шаьш динчу къамелашкахь Азербайджанан а, Татарстанан а банкийн векалша партнерийн банкинг юкъаялорехь шайна зеделларг довзийтира.

Эдельгериев Абубакара билгалдаьккхира, цу тайпа цхьаьнакхетар Нохчийчохь дIадахьар чIогIа мехала хилар а, партнерийн банкинган хьашташ кхачоярехь шортта зеделларг долчу мехкашца а, дуьненаюкъарчу финансийн институташца а цхьаьна гIуллакхашдаран леррина программа кхолла езаш хилар а. Исламан финансийн а, дозанал арахьарчу инвестицийн а ерриге таронаш Россехь кхочушъялург хиларх ша тешна хилар а хаийтира А.Эдельгериевс.

Исламан банкинг кхиор Нохчийчохь дIадолор кхиамца тIеэцна, хIунда аьлча, цу декъехь хаарш долу говзанчаш бу кхузахь. Партнерийн (исламан) банкинг кхиоран гIуллакхаш тIаьхьарчу деношкахь жигара дийцаре дира Нохчийн Республикехь. Иштта, оха кхул хьалхарчу номерехь хаам ма--барра, кхерамазаллин декъехь долу гIуллакхаш



дийцаре даран Iалашонца Нохчийчу хьошалгIа баьхкинчу Бахрейн Пачхьалкхерчу хьешаша а йийцаре яьккхинера вайн махкахь Исламан банкинг юкъаялоран тема.

Бахрейн Пачхьалкх Исламан банкинг кхиорехь дуьненахь хьалхарчу меттехь хиларе а, цу декъехь церан доккха зеделларг хиларе а терра, Бахрейн пачхьалкхан Коьртачу банкаца партнерийн банкинг кхиорехь цхьаьна къахьега барт хилла Нохчийн Республикин куьйгаллин. Нохчийчохь хилла а ца Iаш, ерриге Россехь а партнерийн банкинг кхиорехь чIогIа мехала хир ду вайн республикерчу говзанчаша Бахрейнан Коьртачу банкехь Исламан банкинган башхаллаш Iамор а, церан говзанчийн зеделлачух пайдаэцар а.

Россин финансийн политика социально--экономически а кхиоран йоццачу ханна а, еххачу ханна а йолчу Iалашонийн а, программийн а финансашца кхачоярна а, Россин регионийн финансийн рынкаш кхиорна а, инвестицешна бегIийла хьелаш кхолларна а тIехьажийна хила еза. Цундела, экономикина юкъа инвестицеш ялоран керла, хIинццалц хилла йоцу, таронаш оьшу тахана. Масала, проценташца доцу финансийн гIуллакхаш, цу юкъахь Исламан банкинг а, такафул (Исламан страховани) а.

***А.СУЛИМАНОВА***




Великобритани Евросоюзана юкъара араяларна шаьш дуьхьал хилар хаийтина 600 сов экономиста.

***

Россин а, кхечу пачхьалкхийн а 29 журналистана дуьхьал кхайкхийна хилла санкцеш дIаяьхна Украино.

***

Британин Посольствехь бакъ ца дина Россина дуьхьал санкцеш яхаро шайн мехкан экономикина эшам бина хилар.

***

Къилба-Африкин Республикехь тIеэцна кIайчу нахана экспроприаци (хьолах бохор) ян магош долу закон.

***

Къилба ХIирийчоьно Россина юкъаяхарна лерина референдум дIаяхьарна реза яц Iамарк а, Евросоюз а.

***

Iамаркан хIордан гIашлой (морпехаш) кхаьчна Шема. Иштта хаамаш баржийна малхбузенан шуьйрачу хаамийн гIирсаша.



***

Чемпионийн Лигин финалехь Мадридан «Реал» ловзаре хьожуш волу 12 хьажархо вийна террористаша Иракехь.

***

ПАРНАС партин хьалхе кхажтасарехь дакъалаьцначу бахархойн хаамаш баьржина дуьненан маши чухула.

***

Мехкадаьттан рынок меттахIотта мега тIедогIучу шеран чаккхенехь. Иштта хаам бина Россин энергетикин министра А.Новака.

***

«Даржаца а, законца а харцо лелорна» Испани Лаккхарчу кхеле лур ю цуьнан регионо Каталонис.

***

Асад Башаран Правительствоца юкъаметтигаш латтош волу Шемин оппозицин коьрта дагавалархо Аллуш Мухьаммад оставке вольдуш ву.

***

Гуьржийчоьно шен харжамийн системина реформа ярехь тIеэца мега «немцойн кеп».

ЮЬХЬКIАМ

# Анайистехь – Олимпиада



**Якутскехь чекхъяьлла охьатохархлатарехула Россин чемпионат. Рио--де-Жанейрохь хир долчу Олимпийски ловзаршка къастамбаран тIаьххьарлера къийсадаларш дара уьш. Цундела кхеташ ду мел беза бара Россин чемпионатехь баьккхинчу толаман мах. Республикин спортъезархошна хилла ца Iаш, берриге бахархошна а боккха кхаъ хилла Россин чемпионатехь Болтукаев Анзора дашо мидал яккхарх. Оццу къийсадаларшкахь дато мидалш ехира Касумов Исраила, Дукаев Бекхана, ткъа Олимпийски чемпионан Отарсултанов Джамалан йоьзан мидалх тоам бан дийзира.**



Иштта хаза кхаъ кхаьчна вайга Буру--ГIалахь чекхъяьллачу езачу атлетикехула Россин чемпионатера а. Шайн-шайн йозаллин категорешкахь Россин чемпионаш хилла Аухадов Аптих а, Малигов Адамах а. ХIинца вайн тешна хуьлийла ду А.Болтукаевс а, А.Аухадовс а, А.Малиговс а Россин олимпийски команди юкъахь шайна хьакъйоллу меттигаш дIалоцург хиларх.



***Хь.АБАЕВ***

ПОЛИТИКА

# Кенхехь – Юкъараллин-консультативни советан кхеташо

**Дукха хан йоццуш, Шаройн кIоштарчу Кенхи юьртахь Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу къаьмнашна юкъарчу юкъаметтигийн Юкъараллин--консультативни советан кхеташо хилира, Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министр Умаров Джамбулат куьйгаллехь а волуш.**



Цигахь дийцаре дира республикин Куьйгалхочун тIедилларца Шаройн кIошт тояр а, къоман политикин гIуллакхаш а, экстремизмаца къийсам латтор а. Иштта «ЖIайхойн къоман-культурин туьшан кхиамаш» аьллачу темина доклад а йира.

Д.Умаровс билгалдаьккхира, оцу кхеташонехь дийцаре дина гIуллакхаш кхочушдан дезаш хилар: «Тахана вай дIахьош йолу Юкъараллин--консультативни советан кхеташо «Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь» аьлла билгалъяьккхина хиларе терра, муьлхха а кхузахь дийцаре дина гIуллакх Юкъараллин советан председатела а, цуьнан заместительша а терго а латтош, кхочушдан дезаш ду», – элира цо.

Иштта, министра билгалдаьккхира республикин Куьйгалхочо Р.Кадыровс Шаройн кIоштана терго гуттар а латтош хилла хилар.

– Шаройн кIоштан проект йийцаре а йина, тоян шен рагI тIекхаччалц лаьтташ йолу дикка хан яра. Вайна ма-хаъара, Р.Кадыровс вайн республикехь цхьа а кIошт ца йитина тергамза, ГаланчIожан, ЧIебарлойн кIошташ а тIехь, ткъа Шаройн кIошт хIетте а.

Кенхи ламанца Iуьллуш хиларе терра, нахана садаIа бахка меттигаш хилийта еза кхузахь, – элира Д.Умаровс.

– Кавказехь дехаш долу къаьмнаш юкъахь барт боцуш цкъа а ца Iийна, жIайхойн а, нохчийн а гуттар юкъахь гергарло хилла. Дала мукъ лахь, вайна юкъахь барт боьхна де гур дац цхьанне а, вайн къаьмнашна хьалха ваьлла Нохчийн Республикин Куьйгалхо Кадыров Рамзан а, Дагестан Республикин Куьйгалхо Абдулатипов Рамазан а мел ву хIетте а, – кхидIа а дийцира Умаров Джамбулата.

Кегийрхой иблисан новкъа бовларан тема йийцаре еш, дIадаьхьира цхьаьнакхетаран шолгIа дакъа. Цигахь «горгачу стоьлан» дакъалацархоша билгалдаьккхира, Шаройн кIоштара цхьа а жима стаг оцу харц новкъа ваьлла цахилар. Делахь а, иштта дара аьлла ца Iаш, оцу декъехь болх лахбан мегарг цахилар хаийтира министра.

Цул тIаьхьа, ЖIайхойн культурин цIийнан белхахочо Мубарака «ЖIайхойн къоман--культурин туьшан кхиарх» лаьцна доклад йира. Цо дийцира шайн цIийно дIахьочу гIуллакххех а, иштта Кенхи юьртарчу гIарабевллачу нахах а лаьцна.

Кхеташонехь дуккха а дийцира Кенхи кхиарх а, кхидIа кхиорах а лаьцна. Цул тIаьхьа хьеший цигарчу, лакхахь хьахийначу, культурин туьше а, библиотеке а бахара. Царна экскурси йира библиотекин заведующис Басиров Абдулбасира.

Кенхехь хилла цхьаьнакхетарш мовлад дешарца дерзийра.

***Хь.ДАУДОВА***

РЕСПУБЛИКИН ПРОКУРАТУРЕХЬ

# Закон массарна а цхьаъ ду

### Ямартло шайна йисира

Соьлжа-ГIаларчу Старопромысловски районан суьдо кхиэл кхайкхийна Краснодар гIалин бахархошна Лозовая Иринина, Климович Сергейна, Калайджян Суренна дуьхьал долийна хиллачу уголовни гIуллакхехула. Уьш бехке лерина РФ-н УК-н 30-чу статьян 3-чу декъаца, 159-чу статьян 4-чу декъаца (баккхийчу барамашкахь ямартло лелор), РФ-н УК-н 291-чу статьян 5-чу декъаца (даржехь волчу стагана баккхийчу барамашкахь кхаъ балар) догIуш долу зуламаш дарна.

Хьалха хан тоьхна хиллачу Лозоваяс, бухгалтера Климовича, адвоката Калайджяна 2014-чу шеран февралехь тоба вовшахтуьйхира пачхьалкхан ахча лачкъоран Iалашонца. Шайх цхьанна Соьлжа-ГIалин налогийн органашкахь регистраци а еш, девзаш доцчу адамийн цIарах кхоьллина хиллачу шина фирмин документех пайда а оьцуш, шайн бахамаллин гIуллакхех лаьцна даррехь харц документаш а кечдина, налогах 106 миллион соьман барамехь долу дакъа юхадерзор доьхуш деклараци елира налоган органе.

Бакъонаш ларъяран органаша зулам чекх ца далийтира – хьалхара шиъ оццу шеран декабрехь лецира. ТаIзарх кIелхьаравала гIоьртинчу Калайджяна 2015-чу шеран апрелехь уголовни гIуллакх лелош хиллачу талламхочуьнга дIаделира ши миллион сом ахча. Амма циггахь лецира иза а.

Ямартло шайна йисира иза лело гIоьртинчарна. Пачхьалкхан бехкеверхочунна регионан прокурорана Абдул-Кадыров Шарпуддина хетачуьнца реза а хилла, суьдо 2 шарний 6 баттаний тIера 5 шарний 6 баттаний тIекхаччалц хенаш туьйхира кхаа зуламхочунна, хила тарлуш хиллачу зенах цхьа дакъа меттахIоттор тIе а дожош.

### ГIалаташ нисдан дезар ду

Регионан прокуроран хьалхарчу заместитела Хабаров Николайс Россин Талламан комитетан Нохчийн Республикерчу талламан урхаллин куьйгаллина хьалха хIоттийна белхан алапа дIадаларца доьзна долийна хиллачу уголовни гIуллакха тIехь гучудаьхна законан талхораш дIадахар. ГIуллакх доллура «Возрождени-ИС» юкъараллин директора Хидразовс белхахошна шина баттал сов йолчу хенахь белхан алапа дIаделла цахилар бахьанехь долийначу уголовни гIуллакха тIехь дийнна цхьамогIа талхораш гучудевлла хиларх. Ша аьлча, уголовни гIуллакхна юкъахь дацара финансийн-бахамаллин болх толлуш йинчу ревизин жамIаш.

Лехам кхочушбар тергамна кIел хIоттийна.

### Таллам бар жигарадаккхар лехна

Уголовни гIуллакхца нийса а догIуш, талламан органашна хетарехь, Гачаев Халида шена бевзарш Шемин махкахь гIуллакх деш йолчу герзаца кечъеллачу тобанна юкъахь дакъалацийта юкъаийзабора.

Республикин прокуратурехь иза толлучу хенахь тидам тIебахийтира юьхьанцара таллам дIахьочу хенахь цхьамогIа талхораш хилийтина хиларна. Оцу гIуллакхах лаьцна барт ца хаьттина бехкевеш волчуьнан гергарчаьрга, юкъахь йоцуш ю психолого-психиатрин а, суьдан кхийолу а заключенеш, РФ-н УК-н 208-чу статьян 2-чу декъаца нийса а догIуш (федеральни законаца билгалйина йоцчу герзаца кечъеллачу тобанехь дакъалацар) хьакъ боллу процессуальни мах ца хадийна бакъо йоцуш герзаца кечъеллачу тобанна юкъабаханчара динчу гIуллакххийн.

И талхораш дIа а дохуш, уголовни гIуллакх таллар сихдар лехна прокуратуро.

### Уголовни гIуллакх долийна

Кху шеран мартехь Гуьмсан районерчу Хошкалдахь йолчу «Жайна» туьканан неI а йохийна, къайлах цу чу девллачу девзаш доцчу адамаша 1,9 миллион соьман механ нускалан кучамаш лечкъийра. Дина и зулам ма-дарра гуш доллушехь, Гуьмсан районехь йолчу ОМВД-н талламан отделехь уголовни гIуллакх доло дуьхьало йира.

Оцу гIуллакхца йоьзна йолу ерриге а материалаш шен тергамна кIел латтийначу республикин прокурора Абдул-Кадыров Шарпуддис хьалха хIотторца кху шеран 23-чу майхь бен уголовни гIуллакх дIа ца долийра талламан отделехь.

### Кхаъ бала гIортарна…

Нохчийчоьнан прокуратурехь теллира Россин СК-н Нохчийн Республикерчу талламан урхаллера даийтина РФ-н УК-н 30-чу статьян 3-чу декъана а, 291-чу статьян 3-чу декъана а тIедоьгIна (гIуллакххехь волчу стагана кхаъ бала гIортар) Бахаев Апти бехкевеш лелийна хилла уголовни гIуллакх.

Талламан органна хетарехь, кху шеран апрелехь Бахаевс ша административни жоьпалле ца озавайта ахча кховдийра полицин белхахочуьнга. Амма таллам бар дIахьочу хенахь гучуделира бехкевар хьалха хIотторехь а, талламан гIуллакхаш дIадахьарехь а уголовно-процессуальни законан лехамаш дуккха а меттигашкахь талхийна хилар. Иштта, бехкевеш волчуьнга а, тешашка а барт хаттаран протоколаш жоп луш дац хьалха хIитточу лехамашна.

КхитIе а таллам байта талламан органе юхадерзийна уголовни гIуллакх.

### Бехкевина наркотикаш эцарна

Гуьмсан гIалин суьдо къастийра 54 шо хан йолуш волу Алабаев Султан бехкеварца доьзна долу уголовни гIуллакх. РФ-н УК-н 228-чу статьян 2-чу декъаца нийса а догIуш (баккхийчу барамашкахь наркотикаш эцар а, Iалашъяр а), 122,39 грамм «марихуана» эцна хиларна иза бехке а лерина.

Пачхьалкхан бехкеверхочунна хетарг хьесапе а оьцуш, суьдо Алабаевна юкъарчу рожан колонехь яккха кхо шо хан туьйхира.

### Кхиазхойн бакъонаш ларйина

Веданан районан прокуратуро теллира меттигерчу юкъарадешаран учрежденешкахь кхиазхойн бакъонаш ларъярца а, терроризмана дуьхьало ярца а доьзна долу федеральни закон кхочушдар муха дIахьо. Дийнна цхьамогIа талхораш гучу а дехира.

Ша аьлча, районан юкъарадешаран 10 школехь «Дахарна кхерамазаллин баххаш» аьлла йолу дисциплина дешархошна хьоьхуш болчу хьехархоша лакха ца яьккхина шайн корматалла, иза дар дуьйцийла йоццуш тIехь хиллехь а. Иза хьесапе а эцна, РФ-н КоАП-н 20.7 статьян 2-чу декъаца нийса а догIуш, административни бакъонаш талхоран хьокъехь гIуллакхаш долийна школийн директоршна дуьхьал.

### Пачхьалкхан хьашташна гIаролехь

РФ-н ГПК-н статья тIехь билгалдина ду пачхьалкхан хьашташ лардарца доьзна суьде дехар дан прокуроран бакъо хилар. Тайп-тайпана хуьлу цуьнан кепаш.

Юкъарчу юрисдикцин суьде ша яздинчу искан заявлени тIехь прокурора хьалха хIоттадо къовса бакъо хиларна тIе а доьгIна, Россин Федерацин, Россин Федерацин субъектийн я муниципальни цхьаьнакхетараллаша гражданинан талхийна бакъонаш, я къовсаме бакъонаш, паргIатонаш, хьашташ лардар.

Прокуроран заявлени юкъарчу юрисдикцин суьдехь тIедожоран кепехь къастадо гражданийн хьашташкахь.

Пачхьалкхан хьашташ лардар хьалха хIоттош прокурора яздинчу искан заявлени тIехь билгалдаьккхина хила декхар ду билггал стенна тIедоьгIна ду цуьнан хьашт, муьлха бакъо талхийна. И хьашташ лардаран кепаш гойтуш иштта билгалбаьккхина хила беза законан я нормативни актан бух.

Иск суьдехь къастор муха чекхдер ду бохучух материально-бакъонан хьашт долуш вац прокурор, иза юкъавуьйлу процессуальни истец санна.

### Жоьпалле озийна

Планаца богIуш боцу таллам бар дIахьош Роспотребнадзоран регионерчу урхаллин даржехь болчу белхахоша шен бакъонаш талхош лелийначу гIуллакхашна предпринимателa яздина арз къастийра республикин прокуратурехь.

Таллам беш гучуделира урхаллерчу талламаш дIабахьа бакъо йолуш болчара ша шен гIуллакх деш волчу предпринимательна шайн бакъонаш йовзуьйтуш документаш гайтина цахилар, хIун талла гIерта дийцина цахилар. Цул сов, и таллам бар вовшахтухуш хиларан хьокъехь хаамаш федеральни пачхьалкхан хаамийн системехь – талламийн Цхьааллин реестрехь гайтина бац.

Регионан прокуроран заместитела Степанов Вадима урхаллин куьйгалхочунна хьалха хIоттийра билгалдаьхна талхораш йоццачу хенахь нисдар а, законан лехамаш дуьйцийла йоццуш кхочушбарна кхачояр а. Шайга бинчу лехамца реза а хуьлуш, урхаллехь дакъойн отделийн коьрта говзанча-эксперт а, говзанча-эксперт а административни жоьпе озийна.

***Ведомствон сайта тIера хаамаш кечбинарг – Л.МАГОМАЕВ***

# Нохчийчоь – суьрташкахь



**2014-чу шеран октябрь баттахь Нохчийн Республикин Веданан кIоштахь схьайиллина йолу спортан-туризман «Къоьзан Iам» комплекс. Туристашна а, спортсменашна а тоьлла хьелаш ду цигахь кхоьллина: 103 стагана лерина 58 чоь йолуш хьешийн цIа а, доьзалшна лерина 40 стаг чутарваллал дечиган цIенош а (люкс-коттеджаш а, vip-коттедж а), маьждиг, ресторан-музей, йоккха спортзал, спортан майда, хикеманахь хахкавала йиш йолуш меттиг а.**

**2015-чу шарахь Нохчийн Республикин Итон-Кхаьллан кIоштарчу КхокхатIахь, Орга хи тIехь схьайиллина электроэнерги яккхаран республикехь дуьххьарлера станци. 1.2 мегаВатт ницкъ болчу гидроэлектростанцис ламанан масех районна электроэнерги латтайо, цул сов, станци схьаелларо керла белхан меттигаш а кхоьллина.**



**2015-чу шеран аьхкенан чаккхехь Шуьйтахь дездаран хьолехь схьайиллина бедарш тегаран фабрика. 7795,0 кв.м. лаьтта тIехь йина фабрика, ша гIишлоно дIалоцург 2528 кв.м. ю. Йовха хIуманаш а, леррина духар а, иштта кхийолу бедарш а тегарна лерина 2 цех ю 150 белхан меттигна лерина схьайиллинчу фабрикехь.**







**2016-чу шеран 8-чу февралехь Соьлжа--ГIалахь схьайиллина Россин пачхьалкхан тайп--тайпанчу сеташна юкъахь яккхийчарех цхьаъ йолу «Лента» гипермаркет. Соьлжа-ГIалахь схьайиллина гипермаркет Россехь 141-гIа ю, иза схьаеллар бахьана долуш 300 сов белхан меттиг хилла Нохчийчоьнан бахархошна. «Лента» еш 800 миллион соьмана харж йина, 7 081 кв.м. меттиг**

ДАГАДОВЛАР

# Суьдан-медицинин экспертизехь керланиг

**Соьлжа-ГIалахь Iилманан-практикин «Криминалистикин томографи – «виртуальни» аутопси» туш кхоллар дийцаре дарна лерина «горга стол» дIаяьхьира Нохчийн Республикин прокуратурехь.**

Цигахь дакъалецира Нохчийн Республикин прокурора Ш.Абдулкадыровс, Россин Талламан комитетан Нохчийн Республикехула йолчу Талламан урхаллин куьйгалхочун декхарш кхочушдеш волчу С.Соколовс, республикин могашалла Iалашъяран министра Э.Сулеймановс, Нохчийн Республикин Куьйгалхочун гIоьнчас А.Зельмухановс, республикин чоьхьарчу гIуллакхийн министран заместитела Р.Симбагаевс, Нохчийн Республикин бусалбанийн динан урхаллин председатела С.Межиевс, иштта «виртуальни» аутопсин авторша А.Стрелковс а, Б.Филимоновс а, В.Некрасовс а.

Цхьаьнакхетарехь билгалдаьккхира, карарчу хенахь Iилманан гонехь рентгенан томографех пайдаэцар бахьана долуш, декъашна таллам барехь уьш этIо цадезарна лерина инновацин методаш кхолларехь а, уьш яржорехь а боккха болх беш хилар.

Динан цхьадолчу дехкаршца нийса а догIуш, Нохчийн Республикехь оцу тайпа болу талламаш дIабахьар магош а, къобалдеш а ду. Цул сов, оцу тайпа йолу талламан метод криминалистикин экспертизехь лелийна Iийр яц. Проектан авторша билгалдаккхарехь, цунах пайда бер бу, гуш зуламан цхьа а лар яцахь а, адам кхалхаран бахьана къасто.

Цул тIаьхьа «Криминалистикин томографи» проектан авторша довзийтира Россехь а, кхийолчу пачхьалкхашкахь а адам кхелхинчул тIаьхьа компьютеран томографин гIоьнца талламаш баран цхьадолу гIуллакхаш.

«Горгачу стоьлан» дакъалацархошна хетарехь, карарчу хенахь Нохчийн Республикехь дакъа этIорца беш болу талламаш «бихкина» хиларо адам кхалхаран ма-дарра бахьана ца хIоттадойту. Цара билгалдаккхарехь, коьрта а, мехала а ду адам кхалхаран бахьана шен хеннахь нийса хIоттийна йоцу диагноз ю я цунна лелийначу лоьрийн дарбанан кхачамбацар ду къастор.

Ткъа лакхахь йийцаре ечу компьютеран томографин гIоьнца докъана таллам баро криминалисташна а, суьдан-медицинин экспертaшна а таро лур ю, мел дукха хан яларх, дакъа схьаахка а, иза этIо а ца дезаш, суьрташца цунна тIехь юх-юха а талламаш бан.

«Горгачу стоьлан» чаккхенехь цуьнан дакъалацархоша сацам бира, суьдан-медицинин экспертиза дIаяхьарехь инновацийн методаш юкъаялорна, иштта талламаш дIабахьарна оьшуш болу бакъенийн бух кхолларехь законодательствехь оьшуш болу хийцамаш кечбарна лерина белхан тоба кхолла.

***И.ХАСАХАНОВ***

КХЕТАШО

# «Халяль» билгалонца долу сурсаташ алсамдаха деза

Нохчийн Республикин экономика а, мохк а кхиоран, махлелоран министерствехь дIаяьхьира «Халяль» аьллачу билгалонца долу сурсаташ арахецарехула а, дохкарехула а лехамаш билгалбахаран ведомствошна юкъарчу комиссин кхеташо.

Цигахь дакъалецира Роспотребнадзоран Нохчийн Республикехь йолчу урхаллин а, Нохчийн Республикин Правительствон жимачу бизнесехула а, предпринимательствехула а йолчу комитетан а, Нохчийчоьнан ветеринарин урхаллин а, Россельхознадзоран а, ЦСМ-н а (пачхьалкхан стандарт), республикин юьртан бахаман министерствон а векалша.

Кхеташонехь гулбеллачеран сацам хилира ведомствошна юкъарчу комиссин ницкъашца хIокху шеран 3-чу кварталехь «Халяль» аьллачу билгалонца долу сурсаташ арахецарехула а, дохкарехула а болу лехамаш вайн республикехь юкъабало. Цу Iалашонца республикин бахархошца къаьсттина кхачанан сурсаташ деш болчаьрца, «Халяль» продукци могашаллина пайдехь хилар довзуьйтуш, цхьаьнакхетарш дIахьур ду.

Билгалдаккха деза, вайн республикин дукхах болу бахархой бусалба дин лелош хиларе терра, «Халяль» билгалонца долу сурсаташ алсамдахар а, уьш арахецарца боьзна лехамаш юкъабалор а вуно мехала гIуллакх хилар.

***А.ХАСБУЛАТОВА***

ИЙМАНАН СЕРЛОНЕХЬ

# Рамадан беттан дозалла

**БисмиллахIиррахьманиррахьийм.**

Марха кхабар – иза Делан дуьхьа нийят а дина, марха дохош долчу хIуманех юхавалар ду, сатесначул тIаьхьа, малх чубуззалц йолчу ханна.

Лекхаволчу Дала хьалхалерчу умматашна а тIедиллина хилла марханаш кхабар (3 марха хIора баттахь).



Цо, Веза-Сийлахь ву Иза, аьлла: **«ХIай ийман диллинарш! Шуна тIедиллина марха кхабар, шул хьалха баханчарна тIедилларх терра, хилийтархьама (Делах) кхоьруш».**

***(Къуръан, 2 сурат, 183 аят).***

Амма, Рамадан бутт, иза кхабар фарз деш билгалбаьккхина бац, Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) умматана бен.

Иза билгалдоккху Лекхаволчун дашо: «Шух (Рамадан) батте ваьллачо, иза кхобийла».

***(Къуръан, 2 сурат, 185 аятан чаккхе).***

Бухарис а, Муслима а (Дела резахуьлда цаьршинна) дийцинчу хьадисо гойту Рамадан бутт кхабар Ислам-динан баххех цхьаъ хилар.

«Ислам – ахь тоьшалла дар ду, АллахI воцург кхин Дела цахиларх а, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) – АллахIан Элча хиларх а; ахь ламаз дар а ду; ахь закат далар а ду; ахь Рамадан баттахь марханаш кхабар а ду; ХьаьжцIа вахар а ду, хьан некъана ницкъ кхачахь».

ХIокху аяташкара а, хьадисашкара а, хIорш доцучех, кхечарах а вайна хаьа Рамадан беттан марханаш кхабар хIора бусалбанна фарз-Iибадат дуйла. Иза иштта дац бохуш верг керсталла деш хуьлу, Дала вай лардойла цуьнан декъах хуьлчух.

Къинхетаме волчу Дала Шен лайшна лело ницкъ ца кхочург цхьа а хIума тIедиллина дац. Цомгаш верг а, некъаца верг а, воккха стаг а, йоккха стаг а, кийрахь я дакхош бер долу зуда а, пхийттара валаза верг а – массо а шарIехь хьахийна ву. Царах цхьаберш марха дохо а, кхечу деношкахь доькхуш кхаба мегарш а бу, хIора ца кхаьбначу денна шайна тIера каффаратана (къинойх цIанбаларна) цхьа кана ялта (цхьа стаг вуззал даар) сагIийна дала дезарш а бу, шайн жималлина фарзаш хIинца а тIехь доцурш а бу.

Лекхаволчу Дала вайна тIедехкинчу Iибадатийн къайле йоккха ю, пайданаш дукха бу.

Иштта, марха кхабарца а бу пайданаш. Бусалба стага ша кхаба ма-деззара цIеначу нийятца, бехкамаш ларбеш, марха кхаьбча, Делах кхерарца шен Iибадатан дог самадолу цуьнан.

Марха, кхийолу Iамалш санна, цхьанна а гайта йиш йолуш дац, кхобуш волчунна а, Далла а бен хаа йиш йоцуш ду иза, тIаккха цIенна Делан дуьхьа хуьлу иза, моттаргIанаш, рияъ (моттаргIа) дан йиш йоцуш, сатесча дуьйна малх чубуззалц шайтIа юккъе дан йиш йоцуш. Цундела, Дала къастийна а, хастийна а Iибадат ду иза.

Лекхаволчу Дала аьлла бохуш Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисехь ма ду: **«Адаман Iамал ерриге а цуьнан ю, марха доцург, баккъал а иза (марха) Сан ду, Ас цунах (къаьсттина) ял лур ю», – бохург.**

***(Къудси хьадис).***

Рамадан бутт беза бу, Далла лиъна цу баттахь къаьсттина вай Шена муьтIахь хила, вайна гечдархьама.

Дууш-молуш даима а шен гайна гIуллакхехь лаьтташ верг кхоччуш Далла муьтIахь хила йиш яц. Бан ма-безза безачу беттан ларам балур бац цуьнга. Iамал ярца, Делан декхар дIадала уггаре а атта некъ бу марха долуш хилар. Къуръан доьшуш, фарз ламазаш деш, сагIийна хIума луш, чохь-арахь, лулахь нахаца тарлуш, вуониг дуьтуш, диканиг деш хила веза.

Мацвалаза дукха хан яьлча, даима а вуьзна лелча, къинхетам дIаболий, дегнаш чIагIло, тIаккха шен дог чIагIделлачо, дакъаделлачо диканиг дийр дац, вуониг алсамдер ду цуьнгара.

Марха кхобуш волчун, харц-бакъ шен лаамаш схьабоьхуш долу, дегI гIелло, дог дуткъало, синкхетам самаболу, кIеда-мерза, гIиллакхе, къинхетаме хуьлу иза.

Ислам-динехь ларамe хIума ду нах вовшашна гIо деш, вовшех къахеташ, вовшашка хьовсуш хилар.

Амма хьалдолуш волчунна, вуьзначунна хаа йиш ма яц мискачуьнгахь, мацвеллачуьнгахь долу хьал, ша мац ца велча, ша гIел ца велча. Далла муьтIахь хилла, ша марха кхаьбча, шена хаалур ду цунна мацалла муха ю, тIаккха даггара гIо дан а, сагIийна хIума яла а мега цо.

Иштта, Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хазачу дийцаршкахь (хьадисашкахь) вайна гучудолу, марха кхабар дегIан могашаллина а пайдехь хилар, синна паргIато луш а, достуш самукъане а хилар эхартахь Шена дуьхьалвеанчунна, Дела резахуьлуш, кхаьбнарг Цо резавеш, цунна хазахетар деш, ял луш, ялсамани чу вохуьйтуш хилар.

Рамадан беттан беркаташ дукха ду. Царах ю шена чохь Сийлахь долу Къуръан доьссина «Лайлатул-къадри» цIе йолу еза буьйса а. Оцу буса йина йолу Iамал эзар баттахь йинчул а мелехь ю. (83 шарахь, беа баттахь йинчул).

Рамаданал тIаьхьа болчу Шаввал беттан хьалхара де, Лекхаволчу Дала, Ша резахиларца, Шен лайшна ял луш долу, мархин баттахь Далла муьтIахь хиллачеран вовшашка кхаьънаш дохуш, вовшийн декъал деш, салам даржош долу ирсе де ду.

Марха дастаран деза (Iийдан) де ду иза.

И де ларар мелехь ду, маьждигехь жамаIатехь Iийдан ламаз дарца. Оцу дийнахь мелехь ду цомгашчарна зерате вахар, буоберашна а, уьш кхобучарна а гIодар, деца-ненаца а, доьзалшца а комаьрша хилар, сагIанаш далар. Шайна а, шайн доьзалшна а тIера фарз саьхьаш дахар, дагца а, маттаца а Дела хьехор, Къуръан дешар, Делан дерриге а халкъах уггаре а дикачунна – Мухьаммад Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салаваташ дахкар.

# Марха кхабаран бакъенаш

Марха кхобуш верг хила веза:

а) бусалба: керстанашка марха кхаба алар цхьа а маьIна долуш дац. Делах цатешарна эхартахь Iазап хир ду царна;

аь) кхиъна ваьлла: пхийттара мел ваьллачунна тIехь фарз ду Рамадан беттан марханаш кхабар, иза хьекъал чохь велахь. ХIокху шина бехкамах цхьаъ тоьаш ца хилча, фарзаш тIехь ца хуьлу. Бакъду, берашна ворхI шо дуьзчахьана, марха кхаба Iамор а, марздар а дика ду;

б) марха кхабар ца магош долчу хIуманех я дохон магош долчарех маьрша.

**Марха кхабарна дуьхьало еш дерш:**

а) марха кхабар тIехь дац дог вуон хилла кхетамчуьра ваьллачунна а, хьераваьллачунна а. Нагахь маьркIажа хан хилале цунна гIоле хилахь, йисина йолчу хенахь марха кхаба деза;

аь) марха кхаба ца мега шайн зударийн лазар (хьайз я нифас) долчу зудчунна а.

**Марха дохон магош долу бахьанаш:**

а) марха кхобуш волчунна чIогIа зен дийр долуш йолу цамгар я чIагIлур долуш долу лазар. Нагахь оцу лазарх валарна кхерам белахь, марха дохор важиб (декхар ду);

аь) езткъе кхоъ километр я цул бехачу новкъаваьлла хилар. Хьанал долчу гIуллакхана новкъаваьлла хила веза. Нагахь марха а лаьцна, цул тIаьхьа новкъаваьллехь, оцу дийнахь долу шен марха дохо мегар дац. ХIокху хьахийначу шина бехказлонан делил (тоьшалла) Лекхаволчу Делан дош ду: «Цомгаш верг, новкъахь верг (ша дохийна марханаш) кхечу деношкахь кхабар ду цунна тIехь…».

***(Аль-Бакъарат,185).***

б) кхаба гIора цахилар: къаналлин я гIоле хиларх догдиллина долчу(хронически) лазарна кхаба ницкъ цатоар.

ХIокху шина бахьаница дисина долу марха доькхуш кхаба ца деза. ХIора ца кхаьбначу мархина дуьхьал цхьа кана ялта мискачу нахана сагIина лур ду.

Лекхаволчо ма-аьлла: «Марха ца кхабалучарна тIехь ду къен-мискачунна, хIора ша дохийнача мархин цIарах, фидьят (Iибадат дайдарна Делан дуьхьа луш долу сагIа) далар, шен лаамехь диканиг (сагIа, хьахийначу барамел) сов делларг – и цунна дика ду…»

***(Аль-Бакъарат,184).***

**Марха кхабаран коьрта ши рукна**

ХIара ши рукна (дакъа) кхочуш хилча бен марха хуьлуш дац:

1 – нийят,

2 – сатесначу хенахь дуьйна малх чубуззалц, марха дохош долчу хIуманех юхавалар.

***Хьалхарниг – нийят дар***

Нийят – иза марха кхаба лаам хилар ду, лааман меттиг дог ду. Маттаца нийят аларх тоьаш дац, даг чохь ца хилча. Делан салам хиларо ма аьлла: «Баккъал а Iамалш нийяташца ю».

***(Аль-Бухари, Муслим).***

Рамадан беттан мархин нийятан лардан дезаш шен хьелаш ду:

**Буьйсанна дина хилар**

Нийят Iуьйранна сатасале дина хила дезаш ду.

Иштта ца дича нийят а, марха а хир дац. Делан салам хиларо ма аьлла: «Мархин нийят буьйсанна сатасале ца диначун марха хир дац».

***(Ад-ДаркъутIний, Аль-БайхIакъий).***

**Билгалдаккхар**

«Ас нийят ди марха кхаба», – аьлча кхачо яц. «Ас нийят ди хIокху шеран Рамадан беттан фарз марха Делан дуьхьа кхана кхаба», – аьлла, билгалдаккха деза шен нийятехь. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ма аьлла:«Баккъал а хIора стагана ду цо дагалаьцнарг».

*(Аль-Бухари, Муслим).*

**Карладаккхар**

ХIора мархина шен-шена нийят дан деза. Баттана цхьа нийят дича кхачо хир яц. Рамадан беттан марханаш цхьа Iибадат хилла ца Iа, хIора марха а къаьстина Iибадат ду.ШолгIаниг – марха дохош долчу хIуманех юхавалар ду.

**Марха дохош дерш:**

даар а, малар а

Хуъушехь хIума яар а, малар а марха дохош ду.

Амма марха хилар дицделла йиънарг а, мелларг а, иза мел дукха елахь а, марха дохош яц. Делан салам хиларо ма аьлла: «Шен марха долуш, вицвелла хIума йиънарг я мелларг – цо шен марха кхочушдойла, баккъал а АллахI ву цунна яийнарг, малийнарг».

***(Аль-Бухари, Муслим)*.**

**Кийра хIума кхачар**

БIаьрго лаццал гуш йолу хIума чекхйолийла долчуха чекхъяьлча, лергахула коьртачу молха дожор, масала, я легашкахула чуьйраш чу, я ахкарг чу коча молханах, масала, хIума кийра кхачийча марха духуш ду. Амма вицвелла динехь, духур дац марха.

Иштта марха ца духу дилхах я пхонах маха тоьхча а, бIаьрга молха ладийча а, цигахь нуьцкъах тоьхнарг бен хIума чекх йолийла доцу дела.

Цхьаболчу Iеламнаха пхенах маха тоьхча марха доьхна лерина.

Кийра моза я чуьрк иккхича а, я некъан чан яхча а духур дац марха, царах ларвалар чIогIа хала хIума долу дела.

ЦIена туй даарх духур дац марха, лардан чIогIа хала хIума ду иза а. Бакъду, доьлаш цIий долуш делахь, бага хи кхаьрзина а доцуш, туй цIандаллалц цIий кийра дахча марха доьхна лоруш ду.

Бага а, мерчу а хи кхорзуш, и хи ца хууш кийра эккхахь марха духур дац, и болх ламаз оьцуш ца хиллехь, амма ламаз оьцуш волуш хи кийра кхачахь, марха доьхна лору, марха долчунна, ша ламаз оьцуш хи легашка кхачийтар дихкина долу дела, цамагийнарг цо шегара далийтарна.

Юучух хIума цергашна юкъахь йисича, иза дIа ца яккхалуш, цунах туйнаш девлла кийра дахча, марха духур дац. И хIума дIа ца яккхалуш холчухIоьттина йиъча а, марха духур дац, шен лаамехь хIума иза доцу дела.

**Лаамца долу Iеттор**

Шен лаамехь долу Iеттор марха дохош ду, цунах юханехьа кийра хIума ца яхча а. Амма ца луъушехь Iеттор – иза марха дохош дац, юханехьа цунах кийра хIума яхча а. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Марха долуш верг лаамза Iеттийча, цунна тIехь дац иза доькхуш кхабар, нагахь и шен лаамехь Iеттийнехь, цо марха доькхийла».

***(Абу-Давуд, Ат-Тирмизи).***

**Зудчух кхетар**

Хуъушехь (вицвелла воцуш), лийчар тIедужучу кепара, зудчух кхетар марха дохош ду. Вицвалар а доцуш, гIан-набарца а доцуш долу, кхидолу, лийчар тIедожош долу хIуманаш марха дохош ду.

**Зударийн цамгарш**

Хьайз а, нифас а олу зударийн цамгарш а марха дохош ю.

Хьекъалчуьра валар, динах валар хIара ши хIума, Iибадат (Далла гIуллакхдар) тIерадоккхуш ду.

Сатасаран а, малх чубузаран а хенаш билггал хууш хила а веза марха кхобуш верг. Iуьйра ламазан хан хIинца а хилаза ю моьттуш марха дохош долчу хIуманех цо цхьаъ динехь, цул тIаьхьа ша гIалатваьлла хилар цунна хиъча марха доьхна ду, декха дезар ду. Оцу дийнахь Рамадан беттан ларамна, марха дохош долчу хIуманех юхаваьлла а Iийр ву иза.

Иштта ду маьркIажа хан хилла моьттуш хIума а йиъна, цул тIаьхьа хан хилла цахилар билгалдалар а. И марха а доьхна ду, декха дезаш ду.

**Марха кхабарехь долу суннаташ**

Марха кхобуш волчо лардан дезаш долу мархин гIиллакхаш:

МаьркIажа хан ма-хилли марха дастаран сихо яр ду мелехь. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ша маьркIажа ламаз дале марха достуш хилла. Иштта Делан салам хиларо аьлла: «Адам диканах хедар дац уьш марха дастарна сихо еш мел бу».

***(Аль-Бухари, Муслим).***

Иштта мелехь ду марха керлачу хурманца дастар, и яцахь якъийначу хурманца, иза а яцахь – хица.

**Iуьйкъанна рицкъанах кхетар**

Йиънарг дукха елахь а, кIезиг елахь а, цхьа хин къурд бен ца бинехь а суннат кхочуш хуьлу. Делан салам хиларо аьлла: «Баккъал а Iуьйкъанна юучу хIуманца беркат ду».

***(Аль-Бухари, Муслим).***

**Iуьйкъанна хIума яар тIаьхьататтар**

Iуьйкъанна хIума яар тIаьхьататтар мелехь ду, марха кхобуш волчун гIора ца эшийта. Iуьйкъанна хIума йиъна валарний Iуьйра ламазан ханний юкъа шовзткъе итт аят дешшал хан йоьлча дика ду. Делан салам хиларо аьлла: «Сан уммат диканах хедар ма дац, цара марха дастарна сихо мел йо, Iуьйкъанна хIума яар тIаьхьа мел тотту».

***(Имам-Ахьмад).***

**Къадолчу хIуманех шен мотт ларбар**

Лерах, пуьташ боттарх, гIийбат дарх, мотт-эладита лелорах ларвалар. Безамца зударшка хьежарх, эшаршка ладегIарх ларвалар. ХIара белхаш динехь иштта а хьарам бу, амма марха долчунна кхин а чIогIа къилахь ду хIорш. ХIокху хьарам белхаша марха доха ца дахь а, цунах йолу ял дIайоккху. Элчано аьлла (Делера салам-маршалла хуьлда цунна): «Харцлер, харцо лелор дитина воцург – Далла оьшуш дац иза юучух, молучух хадар». (Аль-Бухари). Шена лийчар тIехь дерг, сатасале лийчар.

Наб кхетта лийчаза висинчун марха дохо бакъо яц бохург ду иза. Делахь а, Iуьйра ламазан хан а, цуьнца цхьаьна хоттаелла йолу мархин хан а тIекхачале лийчар важиб ду цунна.

**ЦIубдаршца а, пхонах а цIий даккхар дитар**

ХIорш а, хIорш санна дерш а, марха кхобуш верг, гIелвеш долу хIуманаш дитар мелехь ду.

Марха достучу хенахь хIара дешар «АллахIумма лака сумту, ва бика аманту ва Iалайка таваккалту ва Iала ризкъика афтIарту» (я АллахI, Хьан дуьхьа кхеби ас марха, Хьоьга ийман а диллина, болх хьуна тIе а биллина, Хьан рицкъанца даста а даьсти), бохург ду иза.

**Хьайн кхачанца нахе марха дастийтар**

Иза дастийтинчунна кхаьбначунна йоллу ял ю, кхаьбначун йолах хIумма а эшор доцуш, – аьлла ду Тирмизис гучудаьккхинчу Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисехь. Нахана яахIума яла аьтто боцучо, цаьрга хурманца я хица марха дастийтича мегар ду.

**СагIа далар, Къуръан деша Iамор, дешар**

Рамадан баттахь къаьсттина мелехь ду Къуръан дешар, Iамор, сагIанаш далар дукха дар. Анаса дийцина, Дела резахуьлда цунна: «Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хаьттина хилла: «ХIай Делан Элча, сагIанах уггаре а сийлахь дерг муьлхарниг ду?». Делан салам хиларо аьлла: «Рамадан баттахь делларг ду».

***(Ат-Тирмизи).***

Иштта мелехь ду иIтикаф дар (маьждигехь Iамал еш сацар), къаьсттина Рамадан беттан тIаьхьарчу итт дийнахь-бусий.

**Марха кхабарехь карахIат дерш (ца деш дитича мелехь дерш)**

Суннаташца цхьаьна ца догIурш – карахIаташ ду: марха дастар тIаьхьатеттар я Iуьйкъанна хIума яар дукха хьалха дар масала, царах цхьадерш хьарам ду: гIийбат дар, мотт-эладита лелор, харцдош, харцтоьшалла, уьш санна дерш.

Веза-Сийлахь волчу Дала (с.т.) бусалбанийн марханаш къобалдойла!



***С-М.МУРТАЗАЕВ,***
***Кишин Кунта-Хьаьжин цIарахчу университетан хьехархо***

ВАЙН ЗАМАНХОЙ

# Хьехархо хьанал къахьоьгуш ву



**Шелара № 1 йолу юккъера школа 1962-чу шарахь чекхъяьккхича, Чуьйри-Эвларчу бархIшеран школе хьеха веара Абдулаев Якъуб. ХIетахь школехь хьехархой тоьаш бацара, меттигера говзанчаш-м муххале а кIезиг бара, цундела юккъера школа чекхъяьккхинарш (церан лаамца) школе хьеха бохуьйтура. Амма дукха хан ялале бIаьхочун декхар кхочушдан эскаре ваха дийзира Якъубан. Эскарехь кхо шо а даьккхина, 1965-чу шарахь ша вехачу Чуьйри-Эвла цIа вирзира иза. Цу шарахь, кхиамца тIеэцаран экзаменаш дIа а елла, Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институте деша вахара жима стаг. Цо хаьржинарг математикин говзалла яра, хьалхе дуьйна а и езаш а, иза кIорггера хаа лууш а ша хиларна.**

Цу хенахь, халкъ махках даьккхинчуьра цIа дирзина дукха хан а йоцуш, ур-атталла юккъера школа чекхъяьккхинарш а кIезиг бара. Цундела лаккхара дешар деша жима стаг я йоI яхар Iаламат мехала гIуллакх дара. Ишттачу кегийчу нахах, церан гергарчара дина ца Iаш, дийнна юьрто а дозалла дора.

Сихха чекхдевлира дешаран шераш, математикин хьехархочун диплом карахь а долуш, Чуьйри-Эвларчу юккъерчу школе балха веара Якъуб. Кхузахь шен юьртахошна юкъахь кхин дукха а шерашкахь хьанал къахьийгира цо, керл-керлачу тIаьхьенашна математикин къайленаш йовзуьйтуш.

Юьхьанца хьехаран балхахь халонаш хиллехь а, уьш шен хьуьнарца а, къинхьегам безаш хиларца а эшош, де дийне мел долу говзалла лакхайоккхуш, схьавогIура къона хьехархо. Кхунах тешийнарш лакхара классаш яра, хьехархойн институт чекхъяьккхина говзалла а, кIорггера хаарш а кхуьнан хиларна. Якъуба къахьоьгура, ша кхоа ца веш. Хьехархочун самукъадолура, бераш керланиг довза, хаарш алсамдаха гIерташ хилча.

– ХIора хьехархочунна а лаьа шен предмет беро дика Iамайойла, – дуьйцу Якъуба. – Суна хазахета, дешархой математика Iамо гIерташ, цуьнан къайленаш яста лууш хилча. Амма ас цкъа а ца аьлла цаьрга, сан предмет кхечарал коьрта ю, иза хьалхаяккха еза. Коьртаниг, массо а предмет дика Iама а еш, бераша дика дешар ду. ТIаккха церан кхиам а хир бу, уьш ВУЗе деша а дахалур ду.

1976-чу шарахь луларчу Дуби-Эвла хьеха вохуьйту Якъуб Шелан кIоштарчу дешаран отдело. Цу юьртарчу юккъерчу школехь математикин хьехархой тоьаш бацара, цуьнца доьзна дара хIара цига балха хьажор. Керлачу меттехь а ша дикачу агIор гайтира говзачу хьехархочо. Математика хьехаран гIуллакх дукха хан ялале дIанисделира хIокху школехь. Якъуба 20 шарахь сов болх бира Дуби-Эвлахь, денна бохург санна, Чуьйри-Эвлара гIаш оцу юьрта хьала а лелаш.

– ДIасаваха машен цахиларна дацара сан гIаш лелар, сайн могашаллина пайдехь хетара суна иза, – кхетаво со Якъуба. – Со, сиххачу боларца цIера дIавоьдий, 40 минотехь белхан меттиге дIакхочура. Дукха хьолахь, массарал хьалха школе вар а нислора сан. Оцу хенахь гIаш леларо сайна дикка гIо дина аьлла, хета суна.

Балхаца я дан дезачу кхечу гIуллакхаца иза доьзна делахь а, бен доцуш ца хилла Якъуб. Ша делла дош кхочушдеш хиларца а, оьзда леларца а билгалваьлла иза юьртахошна. Жима волуш дуьйна ламаз-марха долуш, нехан дикане-вуоне воьдуш а хилла.

1998–2000-чуй шерашкахь ГIалгIай махкарчу Зязиково юьртахь болх бар а нисделира Якъубан. ХIара гIиллакхца а, оьздангаллица а чекхвелира вежараллин къома юкъахь, шех дика цIе а йитира.

Ша дуьххьара хьехархочун некъ дIаболийначу Чуьйри-Эвларчу школе (хIинца №1 йолу юккъера школа) юхавирзира Якъуб 2000-чу шарахь. ХIетахь дуьйна цу школехь, хьалха санна, хьанал къахьоьгуш ву иза, берашна хаарш луш, белхан накъосташна шена зеделларг довзуьйтуш. Ткъа зеделларг 52 шарахь школехь бинчу балхахь цуьнан дукха а гулделла.

– Къоначу, хIинцца балха хIиттинчу хьехархошна шайн баккхийчу накъостийн хьехар а, гIо а оьшу, – дуьйцу Якъуба. – Корматаллин хаарел сов, кхин дукха а хIума хууш хила веза къона говзанча. ВУЗ яьккхича, цунна диплом ло, амма хила ма-веззара хьехархо школехь, дешархошний, шен накъосташний юкъахь хуьлу цунах. Ша а Iама гIерташ, цухуург хоттуш хила веза иза. Тхан болх атта бац, ледарниг, балхана пебеттарг, хIара гIуллакх цадезарг школехь дукха хьелур вац. Цхьадолчу декъана иза дика а ду – ледара хьехархо я шена а, я школина а пайден вац, шен белхан сий деш вацахь муххале а.

Гуш ду Якъуба школерчу балхана сагатдеш а, шайн коллектив массарел дика хила лууш а хилар. Шен ницкъ кхочург дерриге а деш ву иза, шайн юкъара болх дика хилийтархьама. Дуккха а хан ю математика хьоьхучу хьехархойн методикин цхьаьнакхетараллина цо куьйгалла ден. Вовшийн урокашка боьлхуш, йиллина урокаш луш, докладаш еш, математика хьехарехь керла гучудаьлларг вовшашна довзуьйтуш а, дийцаре деш а болх бо Якъуба а, цуьнан накъосташа а шайн цхьаьнакхетараллехь. Иштта бертахь дIахьош долу гIуллакх царна массарна а пайден а хуьлу.

Ах бIе шарахь сов хьехархочун болх бина Якъуба. Дуккха а дешархой школера арахецна цо шен белхан накъосташца. Уьш кхидIа а деша а бахана, дахарехь дIа а нисбелла, царах дика нах а, дика говзанчаш а хилла аьлла, шена хезча, гуттар а воккхавина иза. Шаьш хьегна къа эрна ца дайний хаарал сов, деза хIун хир ду хьехархошна? Якъубан дешархо хилла Сагаипова Зулихан ю кхуьнца цхьаьна школехь тахана математика хьоьхуш. Дика ларош ю йоI, Якъуб тешна ву цунах дика хьехархо хирг хиларх. Иштта ду-кх хIара дуьне: тIекхуьу тIаьхье хьалха дIайоьдучунна тIаьххье йогIу, цунах масал а оьцуш, цунна зеделларг схьа а оьцуш.

Дуккха а шерашкахь ша бина болх кхиамца хIинца а дIакхоьхьуш ву Якъуб. Хьалха санна, мало йоцуш, шегара гIо оьшучунна накъосталла дан кийча а ву. Iедало а, Дешаран министерствос а тидамза ца дитина Якъуба дуккха а шерашкахь хьегна къа. Цунна даккхий а, деза а совгIаташ делла хьанал болх барна. Вайн республикин Дешаран министерствон а, Шелан районан администрацин а, районан дешаран отделан а, Чуьйри-Эвларчу №1 йолчу юккъерчу школин директоран а цIарах дуккха а грамоташ а, Баркаллин кехаташ а делла Абдулаев Якъубна. Дуккха а шерашкахь хьанал къахьегарна, къона тIаьхье кхиорехь жигара дакъалацарна 2003-чу шарахь «Нохчийн Республикин хьакъволу хьехархо» аьлла, цIе а елла цунна. Иштта, хIокху шеран апрель бутт чекхболуш, кхин цхьа мехала совгIат а делла Якъубна – Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах йолчу Регинальни фондо ахча дайитина цунна. Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а министра Байханов ИсмаьIала шен гIоьнча Усманов Мовлди ваийтира Чуьйри-Эвларчу юккъерчу школе ахчанан совгIат Абдулаев Якъубна дIадала.

Хьехархочунна чIогIа хазахийтира Фондо а, Дешаран министерствос а шен терго ярна. Шена деллачу ахчанах цхьа дакъа школехь балхахь болчу техничкашна делира цо. Иза дарца шен деган комаьршалла а, бусалба стеган цIена дог-ойла а гайтира Якъуба.

Денна бохург санна,
математика хьеха класса чуволу
иза. Дерриге а сел уллора а,
девзаш а ду: класс, у, пенаш тIехь
Iилманчийн суьрташ, урокана
оьшу гIирсаш чохь болу шкафаш,
леррина кхуьнга хьоьжучу
берийн бIаьргаш. Кхин цхьа урок,
дешархошна дIаделла кхин цхьа
де…

***АРСАНУКАЕВ Муса***
***Суьрта тIехь: хьехархо Абдулаев Якъуб***

КЕГИЙРХОЙН ДАХАР

# Къоман журналистикин кхане сирла хир ю



Кхойтта шо дIадаьлла вайн махкахь къоначу журналистийн школа схьайиллина. Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство яра 2003-чу шарахь и беркате гIуллакх дIадолийнарг а, шен Iуналлехь къоначу журналистийн школа кхоьллинарг а. Къоначу корреспондентийн школин дуьххьарлера куьйгалхо Майрбеков Муса вара. Иттех шарахь цо болх беш, дукха журналисташ кечбина школо. Уьш вайн махкарчу шуьйрачу хаамийн гIирсашкахь кхиамца болх беш бу. Арсалиева Люба, Сагаева Залина, Джамалдаева Залина, Халидова Аза, иштта дуккха кхиберш а, шайн юьхь, хатI, говзаллин лаккхарчу тIегIанехь корматалла йолуш, хьанал къахьоьгуш бу Нохчийн Республикин шуьйрачу хаамийн гIирсашкахь. Царах массарах дозалла до къона журналисташ кхиочу хьаьрмахь. Карарчу 2016-чу шеран 31-чу майхь кхойтталгIа тоба арахеца кечлуш ю къоначу корреспондентийн школа. Даима санна, похIме а, хьуьнаре а кегийрхой кIезиг бац хIокху тобанна юкъахь а. Кхин цхьа хIума дара суна къаьсттина билгалдаккха лууш. 2015-чу шарахь дуьйна къоначу корреспондентийн школин директор Нохчийн Республикин хьакъволу журналист Юнусов Хьамзат ву. Санкт-Петербургерчу пачхьалкхан университетан журналистикин факультет кхиамца чекхъяьккхина, кIорггера хаарш, къеггина похIма долуш, лаккхарчу корматаллин говзанча ву иза. Журналистикехь дуккха а шерашкахь болх бина, алссам зеделларг долуш волчу Хьамзата, ша куьйгалле веачахьана дикачу агIор хийцамаш бина къоначу корреспондентийн школехь. Юьхьанца дуьйна нохчийн маттахь журналистикехь болх бан кегийрхой Iамо Iалашо йолуш кхоьллина яра и школа. Амма цхьацца кега-мерса новкъарлонаш Iитталуш, уьш Iамабар оьрсийн маттахь дIахьош дара. Ша куьйгалле веачахьана Юнусов Хьамзата къоначу корреспондентийн дешар нохчийн матте дерзийна. И мерза кхаъ бу нохчийн культура, литература, мотт кхиаре а, иза массарна марзбаларе а сатесначарна.

2016-чу шарахь, дипломаш кара луш, къоначу корреспондентийн школо арахеца кечйиначу тобанна юкъахь 40 гергга стаг ву. Бакъду, 2015-чу шеран гурахь, тоба деша йолалуш, уьш 50 гергга стаг вара. Делахь а, цхьацца бахьанашца дешарна юкъарбийлар нисделла. Дешаран зерех чекх ца бовлалурш а хилла. Делахь а, Нохчийн Республикин журналистийн могIаршка 40 стаг гергга кегийрхой бахкар, иза доккха совгIат ду халкъана, махкана. Ткъа уьш ненан маттаца уьйр-марзо йолуш хиларо дегайовхо кхуллу къоман журналистикин кхане сирла хирг хиларх. Къоналла даима лехамехь ю, иза керлачу анайисте гIерта, муьлхха дуьхьалонаш херцо кийча а ю. Цунна къеггина тоьшалла ду къоначу корреспондентийн школо кечйина керла тоба. Цундела цIеначу даггара ала лаьа журналистийн атта боцчу новкъабевллачу кегийрхошка: къолам ира, бIаьрса сирла, лерса сема лаьттийла шун даима! Дала аьтто бойла шун!

*А.ГАЗИЕВА*



## Ламазан хенаш

**28 май – 2 июнь**

| Ламазан де | Iуьйра | Делкъа | Малхбуза | МаьркIажа | Пхьуьйра |
|---|---|---|---|---|---|
| 28 | 02:41 | 12:30 | 16:10 | 19:32 | 21:17 |
| 29 | 02:40 | 12:30 | 16:10 | 19:33 | 21:18 |
| 30 | 02:38 | 12:30 | 16:10 | 19:33 | 21:19 |
| 31 | 02:37 | 12:30 | 16:10 | 19:34 | 21:21 |
| 1 | 02:36 | 12:30 | 16:10 | 19:35 | 21:22 |
| 2 | 02:35 | 12:30 | 16:10 | 19:36 | 21:23 |

## Тхан рузма

**1-ра июнь, 1944 шо.** Юккъерчу Азехь вина Бислиев Iабдул-Хьамид, физикин-математикин Iилманийн кандидат, профессор. Шен схьавалар Эвтарара хилла цуьнан. Юьртара школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа доьшу Москварчу пачхьалкхан университетан (МГУ) физикин факультетехь. Оццу университетехь аспирантура чекх а йоккхий, физикин-математикин Iилманийн кандидатан диссертаци чIагIйо. 1972-чу шарахь дуьйна Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетехь болх бо лакхара хьехархо, кафедрин заведующи, университетан проректор волуш. Цо йиллина магнитни хиламийн лаборатори Къилбаседа Кавказан ВУЗашкарчу и санначу лабораторешлахь тоьллачех цхьаъ лоруш яра. Кхузахь кечйира Iилманийн кандидатан масех а, цхьаъ докторски а диссертаци (ша Бислиевс). Магнитни хиламийн физикехула цIеяххана говзанча вара иза. Шегара къонахаллин доккха хьуьнар гойтуш, Iабдул-Хьамидан кхалхар хилира 1991-чу шеран 11-чу ноябрехь шен белхан накъост, университетан ректор дIавига гIоьртинчу зуламхошна дуьхьал ваьллачохь.

Iилманчин цIе лелайо Соьлжа-ГIалин цхьана урамо.

**2-гIа июнь, 1945 шо.** Юккъерчу Азехь йина Багалова Зулай, актриса, Россин Федерацин хьакъйолу артистка. Дешна Х.Нурадиловн цIарахчу нохчийн пачхьалкхан драматически театран школехь-студехь, 1977-чу шарахь чекхъяьккхина А.В.Луначарскийн цIарах йолу театран искусствон пачхьалкхан институт (ГИТИС). Еххачу хенахь болх бина Х.Нурадиловн цIарахчу нохчийн пачхьалкхан драматически театрехь. 60–80-чуй шерашкахь нохчийн театр ерриге Россехь а тоьллачех цхьаъ хилла дIахIоттарна юкъа уггаре а йоккха хазна йиллинчех цхьаъ ю Багалова Зулай. Дукха ролаш ловзийна цо нохчийн театран сцени тIехь. Хьовсархошна къаьсттина дагахь дисинчех ду цо кхоьллина васташ: Алпату («Цхьана юьртахь», М.Мусаев), ПетIамат («ПетIамат», С.Бадуев), Миллер Луиза («Ямартло а, безам а», И.Шиллер), Асель («ЦIен йовлакх тиллина сан акхтарг», Ч.Айтматов), Бусана («Бешто», С.Бадуев, М.Солцаев), Совдат («Совдат а, Дауд а», I.Хамидов), Зулай («Бож-Iела», I.Хамидов), иштта кхин а. Багалова Зулайс сцени тIехь кхоьллина зударийн васташ нохчийн театран искусство кхиорна юкъайиллина шатайпа хазна ю. Карарчу хенахь Зулайс боккха болх бо нохчийн ламасталлин культура шуьйра йовзийтарна тIехьажийна.

ЖУРНАЛАН КЕРЛА НОМЕР

# Орга – 3–4

**XIокху деношкахь араяьлла литературин-исбаьхьаллин «Орга» журналан керла номер. Вайна ма-хаьара, тIаьхьарчу хенахь журнал, ши номер цхьаьнатухий, арадолуш ду.**

Хьалхарчу агIонаш тIехь зорбане даьхна Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан Нохчийн меттан а, Машаран а, Конституцин а дезачу деношна лерина декъалдарш.

«Нохчийн меттан денна» рубрикехь дешархойн еша аьтто бу Кавказехь дехачу къаьмнийн меттанех а, таханлерчу дийнахь нохчийн меттан хьолах а лаьцна Нохчийн Республикин хьакъволчу журналистан Сумбулатов Денин «Нохчийн мотт, буьйцуш, Iалашбан беза...» статья а, иштта, «Юбилей» рубрикехь «публицистикехь шен дашца, поэзехь шен мукъамашца вевзачу» журналистах, поэтах Борхаджиев Хожбаудих лаьцна «Дахарца йоьзна кхолларалла» статья а. Циггахь еша аьтто бу юбиляран байташ а.

Журнало зорбане яьхна Б.Саидовн «Ненан мотт», М.Кибиевн «Меттан сий», Ш.Макаловн «Ненан мотт», иштта кхиболчу бевзаш болчу поэтийн нохчийн меттан дозаллах дуьйцу байташ.

«Литературин конкурс» рубрикехь кегийрхойн М.Тимбулатовн, Р.Айсултанован, С-С. Чираевн Нохчийчоьнах, ненах, ненан маттах, кхечу теманашна лерина байташ ю зорбане яьхна.

«... Хьан ши бIаьрг шекар тIехь бара, нускал санна, кIайн къегачу шагаран шекар тIехь. Цуьнан корта хьан хьажарца дIабирзира, иштта схьа а боьрзуш. Чай доьттира, хьалха стакан чу буй буьззина шекар тосуш, стоьлан гIутакха чуьра ши сухар а юьллуш стакана тIе....

...1975-чу шеран гурахь, со студент волуш, Iедало бехке веш, партера дIа ваьккхина, зорбанна некъ боьхкуш, бевза-безарш а хербелла, уьйрех хаьдда висинчу Халид волчу кхечира со.

Иза лохачу стоьла хьалхахь цхьана жимочу гIантахь Iара, кхин готта хила йиш йоцчу, квартиран готтачу чохь, аьрзун тIемаш санна, ши белш генна вортанал лакха хьала а яхна, меран буьхьиг а боцуш – гIоргийна дIабаьллера, – шийтта-кхойтта шеран беран дегIахь, туьйранера къано санна, вуткъа худавелла, IиндагIах терра.

– Хьан дедушка хьалхарчу Iожаллах цу сухарша ваькккир-кх хьуна, дера ваькккира, оцу шина сухаро-м! – кхехь-кхехь-кхехь, – велавелира Халид, виснарг а кхин а жимлуш...», – яздо Бексултанов Мусас «Проза» рубрикерчу «Хьалхара Iожалла» статьяхь. 1949-чу шеран IаьнтIехь, Ошаев Халидан а, цуьнца цхьаьна хиллачу тутмакхийн дахарерчу цхьана-шина дийнан хиламех лаьцна ю иза.

Журнала тIехь дуккха а ю дешархойн тидам тIегIур болуш байташ а, дийцарш а. Зударий дуьненаюкъарчу дезачу денца декъал а беш, алссам зорбане яьхна нохчийн зударийн-яздархойн керла говзарш.



*Л.ДАУТОВА*

*Авторан сурт*

БЕРИЙН ДАХАР

# Кестта схьайоьллур ю аьхкенан майда

**Соьлжа-ГIалин Ленински кIоштан Берийн кхоллараллин цIийнехь аьхкенан майда схьаелла кечам беш бу.**

Бераш школера мукъа довлу мур бу аьхке. Цуьнца доьзна берийн мукъа хан алсамйолу, тIаккха царна вуониг марздаларна а, Iамарна а, уьш харц новкъа бовларна кхерам а сов бу. Цундела, аьхкенан муьрехь бераш лардаран а, церан мукъа хан пайдехь хилийтаран а йолчу Iалашонца схьаелла лерина аьхкенан майда. Цунах лаьцна тхуна дийцира Берийн кхоллараллин цIийнан директора М.Исапаевас:

«6-чу июнехь схьайоьллур ю оха «Занимательное лето-2016» аьхкенан майда. Аьхкенан муьрехь а шайн берашца болх бийриг хиларх гуттар а самукъадаьлла берийн нанойн. Цу денна лерина оха хаза программа а кечйина. Цигахь дакъалаца кхайкхина Берийн кхоллараллин цIийнехь Iемаш долу бераш а, церан дай-наной а, «Голос» проектехь шолгIа меттиг яьккхина йолу Асланбекова Раяна а, «Созвездие-2016» конкурсан толамхо Зубайраев Висита а, иштта кхиберш а. Бераша «Буратино» туьйра а, «Эдельвейс» хелхар а гойтур ду, иштта байташ йоьшур ю, самукъане эшарш а локхур ю.

Исапаева Мадинас дийцарехь, аьхкенан муьрехь берашца бан леринарг кIезиг болх бац. Церан таро хир ю тайп-тайпанчу ловзарех левзина а ца Iаш, дуккха а пайдехь дерг шайна Iамо а.

*З.ЛОРСАНОВА*

ДИЙНАТИЙН ДУЬНЕ

# Кавказехь – леопардаш

**Акхачу Iаламан дерригдуьненан фондо (WWF) Кавказехь леопардан лараш карийначунна ахчанца совгIат кхайкхийна**

Иштта хаам бо «Россин Кавказ» Россерчу WWF-н отделенин пресс-секретара Мороз Вячеслава.

WWF-н фондо карарчу хенахь къона леопардаш Къилбаседа Кавказан акхачу Iаламе дIахеца кечдеш ду. И гIуллакх дIахьош ду Хьалхарчу Азин леопардин тайпа Кавказехь даржоран программица а догIуш.



И акхарой Сочин къоман паркан леопардийн доладаран туьшехь кхиийна ду. Цигахь 2013-чу шарахь дуьнен чу девлла уьш. Таханлерчу дийнахь цигахь 13 экха ду (пхиъ доккха леопард, бархI кIорни), уьш дерриге а проектан гурашкахь дуьнен чу девлла ду.

– Уггаре а хьалха таллархоша тхайна накъосталла дийриг хиларх дегайовхо ю тхан. Цундела, леопардан лар карийча тхайца зIене муха вала веза хоуьйтуш, таллархойн билеташна юкъа хаам биллина оха. XIора а керлачу меттигехь карийначу лорах 1,5 эзар сом кхайкхийна проектан куьйгалхоша, – дийцира В.Мороза.

Иштта, экологаша дийцарехь, наха леопардийн ларийн меттана кхечу акхаройн лараш гайта там хиларх лаьцна элира цо: «Цунах гIуллакх хир ду аьлла ца хета суна: говзанчаш Iехалур бац, хIунда аьлча хIора а лар карийначу метте цу декъехь болх бечу говзанчийн тоба дIа а яхана, и меттиг толлур ю, леопардаш муьлхачу хьелашкахь ду хаархьама», – билгалдаьккхира пресс-секретара Мороз Вячеслава.

Дикка хьалха, вай дуьйцучу Хьалхарчу Азин леопардийн тайпа Къилбаседа Кавказера ЦIечу хIорда тIекхаччалц а, Босфорера Инди кхаччалц а йолчу меттигашкахь хуьлуш дара. Ткъа XX-чу бIешарахь и акхарой хуьлу меттиг кIезиг хааеллера. Карарчу хенахь леопардийн и тайпа Кавказехь кхин хаалуш а дац, ЦIечу книги тIехь билгалдаьккхина а ду и экха.

*Хь.ЭЛЬБЕРТОВА*

СПОРТ

# Хьалха – керла къийсадаларш

**Дукха хан йоццуш Махачкалахь (Дагестан) дIаяьхьира греко-римски кепара охьатохархлатарехула СКФО-н чемпионат. Цигахь дакъалоцуш бара СКФО-н ерриге а регионашкара спортсменаш. Вайн Республикера цигахь дакъалоцуш вара 26 охьатохархлатархо.**

Вайн спортсменашна юьхькIоме хилира оцу къийсадаларшкахь дакъалацар – ерриге а 13 мидал яьккхира цара. Иштта, хьалхарчу меттехь бара: Висаитов Аслан (59кг), Сулейманов Артур (66 кг), Эльдербиев Руслан (71 кг), Акаев Лом-Iела (130 кг). Дато мидалш ехира: Магомадов Адама (59 кг), Мусаев Сайд-Мохьмада (78 кг), Шаманов Шамила (130 кг). КхоалгIа меттигаш кхечира: Вистангов Шамрудина (66 кг), Исраилов Сайд-Эмина (59 кг), Сукаев Адамна (71 кг), Курбанов Мовсарна (75 кг), Курбанов Сидекъна (80 кг).




Толамхой билгалбехира кубкашца, мидалшца, Сийлаллин грамоташца. Карарчу хенахь керлачу къийсадаларшна кечам беш бу вайн спортсменаш.

*З.ШИШХАНОВА*

*Авторан сурт*

## Хенан хIоттам

**31-гIа май**
**Республикехула хила тарло:**
дийнахь… +22 градус, мархаш а йолуш, догIа а догIуш,
буьйсанна… +16 градус, кIеззиг мархаш а йолуш,
догIа а догIуш;

**1-ра июнь**
**Республикехула хила тарло:**
дийнахь… +24 градус, кIезиг мархаш а йолуш, догIа а догIуш,
буьйсанна…+16 градус, екхна а йолуш.

## Ларамe газетдешархо

**ДIахьош ду 2016-чу шеран шолгIачу эхашарна «Даймохк» газете язбалар.**

**2007-чу шарахь дуьйна вайн газет кIирнах кхузза арадолуш ду.**

**«Даймохк» газетехула шун хоийла хир ду Нохчийн Республикехь, Россехь, дуьненахь хуьлуш долчу гIуллакхех дерг.**

**Язло «Даймохк» газете. Шун иза дан таро ю редакцехь а, республикин муьлххачу а зIенан отделенехь а. Эхашарна болу газетан мах:**

**редакце веана яздеш – 468 сом;**
**почтан отделене воьдуш, схьаоьцуш – 877,68 кепек;**
**цIа дIадохьуш – 923,76 кепек.**

Газет диллинарг: Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство.

**Газет диллинчун/арахоьцучун адрес: 364060, Соьлжа-ГIала, Дудаевн Бульвар, Радион цIа.**

**Газетана регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин федеральни службехь. Тоьшалла ПИ №9 ФС 77 – 58270 05.06.2014 шо.**

**Коьрта редактор – Б.Ш.ШАМСУДИНОВ**

**Редакцин адрес: 364051, Нохчийн Республика, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92, тел. 8(8712) 22–22–24**

Газет зорбатоьхна ГУП «ИПК «Грозненский рабочий» издательствехь. Издательствон адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35. Тираж – 2500. Заказ №2401. Зорбанна куьг яздина графикца 30.05.2016 шо 17:00 хила дезаш, зорбанна куьг яздина 16:00.

Редакцина а, материалийн авторшна а хетарг цхьатерра ца хила тарло. Рекламин материалийн чулацамах долу жоьпалла редакцис тIе а ца лоцу. Куьйгайозанашна рецензи ца йо, юха ца дерзадо. **М** билгалонца йолу материалаш зорба туху рекламин бакъо йолуш. «Россин Почта» каталогехь изданин индекс - 04165.